

ANONS KONSÈNAN SEKIRITE POU DIFE

SI TA GEN YON DIFE, RETE TRANKIL. METE FIRE DEPARTMENT OKOURAN EPI FÈ SA MANM PÈSONÈ FIRE DEPARTMENT LA DI OU. SI OU OBLIJE AJI VIT, ITILIZE JIJMAN OU POU FÈ SA KI GEN MWENS DANJE A, EPI SÈVI AK ENFÒMASYON SA YO POU GIDE OU:

OU NAN YON BILDING KI KONSTWI AK MATERYO KI KA PRAN DIFE

Si Gen Dife Nan Apatman ou a

- Fèmen pòt chanm ki gen dife a, epi kite apatman an.
- Asire w TOUT MOUN kite apatman an avèk ou.
- Pran kle ou yo.
- Fèmen pòt apatman an men pa fèmen li ak kle.
- Frappe pòt moun yo ki abite sou etaj ou a pou avèti yo pandan w ou prale nan sòti a.
- Sèvi ak eskalye ki pi pre a pou sòti nan bilding lan.
- PIGA NOU PRAN ASANSÈ.
- Rele 911 yon fwa ou rive yon kote ou an sekirite. Pa sipoze yo te rele ponpye amwenske ou wè ponpye yo la.
- Kontre ak fanmi ou yon kote nou te chwazi davans deyò bilding nan. Di ponpye yo si gen nenpòt moun ki manke.

Si Gen Dife Nan Apatman ou a

- Touche pòt ak manch pòt apatman an pou wè si yo cho. Si yo pa cho, louvri pòt la tou piti epi gade si pa gen lafimen, chalè oswa dife nan koulwa a.
- Sòti nan apatman an ak bilding lan si ou ka fè sa san danje, epi swiv enstriksyon yo ki anwo a pou yon dife nan apatman ou a.
- Si koulwa a oswa eskalye a danjere paske gen lafimen, chalè, oswa dife epi ou gen aksè nan yon eskalye sekou, pran li pou w ka sòti nan bilding lan. Fè atansyon lè w ap desann eskalye sekou a epi toujou pote oswa kenbe timoun piti yo.
- Si ou pa ka pran eskalye anndan bilding lan oswa eskalye sekou a, rele 911 epi bay yo adrès, etaj, nimewo apatman ou ak kantite moun ki nan apatman ou a.
- Bouche pòt apatman ou a ak sèvyèt oswa dra mouye, epi bouche kote van ka antre ak sòti yo oswa lòt kote li louvri kote lafimen ka antre.
- Louvri fenèt yo tou piti, detwa pous konsa, anwo ak anba amwenske flam dife ak lafimen ap sòti anba.
- Pa kase okenn fenèt.
- Si kondisyon yo nan apatman an sanble yo menase lavi nou, louvri yon fenèt epi souke yon sèvyèt oswa dra pou atire atansyon ponpye yo.
- Si pwoblèm ak lafimen yo vin pi mal avan sekou rive, bese atè epi rale ak lage ti souf kout nan nen ou. Si li posib, ale nan yon balkon oswa teras lwen kote fla dife, chalè oswa lafimen an ap sòti a.